Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого,лъилъе,нилъ гьечӀого,хур.
Инхоса ГӀали-хӀажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 34 (6495) 11 июль 2016 с. Итни Шаввал 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Баркула Россиялъул почтаялъул къо

**ХӀурматиял почтаялъул хӀалтӀухъаби! Нужеца тӀуразарула рикӀкӀен гӀемерал гӀадамазул батӀи-батӀиял хӀажалъаби, нуж руго халкъалъе хъулухъалъе хӀадурго чӀарал хӀалтӀухъаби.**

**РакӀ-ракӀалъ баркула нужеда профессионалияб байрам – Россиялъул почтаялъул къо. Гьарула нужее талихӀ-рохел, халатаб гӀумру, хӀалтӀулъ цебетӀей. Божула нужер хӀаракатчилъи жеги лъикӀлъизе букӀиналда, халкъалъе гьабулеб бухьеналъул хъулухъалъул даража борхизе букӀиналда.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул ишал тӀуралев**
**ГӀабдулахӀажи ГӀабдулкъадиров**

ГӀЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧӀЕБ ЖО

## Бакълъулазул меседил медалал

### Гумбет районалъул нухмалъулез лъикӀ цӀаларал цӀалдохъаби кӀодо гьаруна

**4 июналда Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалда тӀобитӀана районалъул гӀаммаб лъайкьеялъул учреждениязул цӀалулъ тӀокӀлъи бихьизабурал выпускниказе меседил медалал кьеялъул тадбир. Гьеб рагьана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухӀамадовас. Гьес выпускниказда баркана школа бергьенлъиялда лъугӀи, выпускниказул насихӀатчагӀазе ва умумузе баркала кьуна гьезул кӀудияб захӀматалъухъ.**

2016 соналда гьоркьохъеб гӀаммаб лъаялъул аттестат щвана 101 выпускникасе, - ян абуна КъурамухӀамадовас. Гьездасан анлъгояв мустахӀикълъана меседил медалалъе. 2015 соналда гьеб щун букӀана кӀигоясе.



Районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель **АхӀмад Сулаймановас** цӀалана «Гумбет район» муниципалияб районалъул ишал тӀуралев **ГӀабдулахӀажи ГӀабдулкъадировасул** рахъалдасан выпускникал – медалистазул цӀаралда барки.

Жиндирго рахъалдасан АхӀмад Сулаймановас выпускниказда баркана тӀокӀлъигун школа лъугӀи. -Нужер медаль – гьеб буго тӀадегӀанаб лъай щвеялъул документ ва гӀумруялде тӀамулеб тӀоцебесеб гали, – ян абуна гьес. Аттестатал ва меседил медалал выпускниказе кьуна райадминистрациялъул бетӀерасул заместитель АхӀмад Сулаймановас ва районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухӀамадовас.

Медалистазул умумузул рахъалдасан учительзабазе, районалъул нухмалъулезе ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабураб кӀалъай гьабуна **МухӀамад Сайпилаевас** ва **ХӀава Ибрагьимовалъ**.

Медалистазул рахъалдасан кӀалъарай Игьали гьоркьохъеб школалъул выпускница **ПатӀимат МухӀамадовалъ,** школалда цӀалул соназда жидее кьураб лъикӀаб тарбия-лъаялъухъ, баркалаялъул рагӀаби загьир гьаруна киналго мугӀалимзабазе ва умумузе. Гьединго баркала загьир гьабураб рагӀаби абуна, гӀурус мацӀалъул экзаменалъе 91 балл босарай, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул медалистка **Касират Базаргановалъ**.

**«Гумбет» РИО**

БАЙРАМ

## КӀал биччан къо къабул гьабе

**КӀал биччан къо къабул гьабе, Къурбанаб къо бечед гьабе, бачил гӀундул чӀахӀа гьаре, чӀалда мохмох биццат гьабе, - гьединги ахӀулаго, росу тирула магӀарулазул лъималаз бусурбабазул кӀиабилеб байрамалъул къоялъ (бищун даража цӀикӀкӀараб исламияб байрам ккола Къурбан къо (ГӀид аль-АдхӀа – КӀудияб байрам), гьелда хадусеб макъамалъул байрам буго КӀал биччан къо (ГӀид аль-ФитӀр).**

Исанасеб КӀал биччан къоги тӀадегӀанаб даражаялда, кӀудияб рохел-хинлъиялда, адаб-хӀурматалда кӀодо гьабуна бусурбабаз. Динцояз гуребги, батӀиял диназул ва гӀакъидаялъул гӀадамазги баркана гьеб къо бусурбабазда. Аллагьас квешлъиялдаса, чороклъиялдаса, напсалъул лагълъукье ккеялдаса цӀунаги бусурбаби ва тӀолабго махлукъат.

Информациялъул «Гумбет» гӀуцӀиялъул хӀалтӀухъабазги цоги нухалъ баркула киназдаго КӀал биччан къоялъул гӀид. Аллагьас нилъер лъикӀал гӀамалал къабул гьареги, хъублъиялдаса, рекӀкӀалдаса, кӀигьумерчилъиялдаса ва цоги квешал хасиятаздаса рикӀкӀадги гьареги. Амин.

**Информациялъулаб «Гумбет» гӀуцӀи**



НОМЕРАЛДА РУГО:



Ракьазулги минабазулги хъвай-хъвагӀаял гьари

-2 гьум.



Шамил имам ракӀалде щвезавуна

-2 гьум.



Халкъияб театр, искусствоялъул школа, фольклоралъул ансамбль

-3 гьум.



Экстремизмалда, наркоманиялда ва цоги балагьазда данде

-3 гьум.

ХАЛКЪАЛЪУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# МФЦ ва цIиял къагIидаби

### Росдал магIишаталъул нигIматал гIезарулезе МФЦялъул хъулухъ

**ГIемерфункциялъулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадов 27 июналда дандчIвана райадминистрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьор-**зул ва юридическиял лицабазул хъвай-хъвагIай гьабиялдасан байбихьун, пачалихъияб рахъкквеялъул батIи-батIиял къагIидабаздаса пайда босиялде щвезегIан хъулухъал тIуразе рес буго МФЦялда, - ян абуна гьес. Ибрагьим Ибра-



**лъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовгун.**

ГIумар МухIамадовас бицана «Цо гордухъан» къагIидаялда МФЦялъул филиалалъ росдал магIишаталъул нигIматал гIезарулезе гьарулел хъулухъазул хIакъалъуль. Жалго жидедаго чIун хIалтIулел предпринимателагьимовасги тIадчIей гьабуна гIемерфункциялъулаб централдасан щолел хъулухъазул санагIалъи ва тIокIлъи букIиналда. Предприниматель документазда хадур лъугьине кколаро, МФЦялъул филиалалдасан тIуралел ругониян абуна Ибрагьимовас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РАЙОНАЛЪУЛ АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ ХIАРАКАТ

# Ракьазулги минабазулги хъвай-хъвагIаял гьари

### Гумбет районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас лъазабуна ракьул ва буголъиялъул налогазул суалал тIураян

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас тIобитIана ракьазул ва минабазул хъвай-хъвагIай гьабиялъул хIакъалъуль суал гьоркьоб лъун данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал **ХIайбула ГIабдурахIмановас, РурухIма Халидовас,** экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаевас,** МФЦялъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев **ГIумар МухIамадовас.**

Гьенир рорхана налогал лъеялъул базаялъул халгьабиялъул ва мухIкан гьабиялъул, налогал ракIари цIикIкIинабиялъул, ракьул участкабазул категориял ва гьездаса пайда босиялъул ихтиярал чIезариялъул, кадастровиял багьабазул хIакъалъуль суалал, гьел тIураялда хурхун бакIалъулаб самоуправлениялъул ва федералиял органазул цадахъаб хIалтIул анализ гьабуна.

Газ бачунаго ралел бакIазде гьорлъе ккарал ракьаздаса пай-



да босиялъул ихтияразул хъвай-хъвагIай гьабулаго дандчIвалел ругел захIмалъабазул бицана. Гьелда хурхарал суалал тIуралаго МФЦялъул филиалалъул специалистас кумек гьабизе букIиналъул бицана гьелъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас.

ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас кьварун лъазабуна росабазул поселениязул ракьул ва буголъиялъул налог бакIариялъул, ракьул буголъиялъул хъвай-хъвагIай (актуализация) гьабиялъул ва цогидалги хIалтIаби хех лъугIизареян.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ…

# Шамил имам ракIалде щвезавуна

### Кавказалъул бахIарчиясул гIумрудул къисаги дарсалги

**Гумбет районалъул централияб библиотекаялъул гIадамазе хъулухъ гьабулеб отделалъул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун тIобитIана Северияб Кавказалъул халкъазул миллиябгун эркен гьариялъул багъа-бачариялъул цевехъан имам Шамил гьавуралдаса 219 сон тIубаялъул хIурматалда данделъи.**

ГIахьаллъи гьабуна централияб библиотекаялъул, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул методикияб отделалъул хIалтIухъабаз, гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул централъул харабазе ва инвалидазе къад хъулухъ гьабулеб отделалъул специалистаз.

Шамил имамасул гIумруялъул, Кавказалъул тарихалда гьес тараб лъалкIалъул, Дагъистаналда ва Чачаналъ ислам тIибитIизабиялъулъ гьес бихьизабураб хIаракатчилъиялъул хIакъалъуль бицана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъ-




ул централъул методистал **Рапият УхIумагIалиевалъ, Бика ГIабдулхIалимовалъ,** централияб библиотекаялъул гIадамазе хъулухъ гьабулеб отделалъул нухмалъулей **Хамсат Ибрагьимовалъ,** ЦБялъул методист **Эзимат МухIамадовалъ,** ЦСОНалъул харабазе ва инвалидазе къад хъулухъ гьабулеб отделалъул специалист **Маржан Эсенбулатовалъ.**

Имам Шамил гьавураб къоялъул хIурматалда тIобитIараб гьеб тадбиралде хIадурун рукIана цIар арав бахIарчиясул гIумрудул нух бихьизабулел фотоальбомал.

**«Гумбет» РИО**

НАРКОТИКАЗДА ДАНДЕ РАГЪ

# «ТIадагьал» наркотикал рукIунаро

### ГIузру ккей гуребги, такъсирчилъиялдеги рачуна

**Медицинаялъул хIалтIухъабаз гьекъезе бегьулареллъун рихьизарун руго «Энергетики» абулел гьекъолел жал. Гьездаса пайда босани, инсанасул черхалъе кIудияб зарал гьабулеб буго, хасго гIисинал лъималазул ва гIолилазул. Энергетикал гIемер хIалтIизаруни, батIибатIиял унтаби чорхолъе ккей гуребги, такъсирчилъиялдеги рачине бегьула.**

Гьелъие нугIлъи гьабула Северияб Осетиялъул тахшагьар Владикавказалда ккараб лъугьа-бахъиналъ. Энергетикал («редбалл, монстер, ягуар, адреналин раш, берн») гьекъарал 17-18 сон барав лъабго гIолохъанчи, балеб бугеб цIияб минаялъуреги лъугьун, жидерго физическияб къуват бихьизабизе лъугьана. Рекана нуцIби, хвезаруна рахаял. Гьенир гьоркь тун ратана энергетикал жидецаго гьекъарал чIорогоял шушби. Хьитазул лъалкIаздасан полициялъулаз тIатинаруна такъсирчагIи. Гьезде гIунтIизабулеб буго чияр буголъиялъе урхгунго зарал гьабиялъул гIайиб ва уголовнияб тамихIалде цIалел руго. Гьел эркенлъиялда махIрум гьаризе бегьула кIиго лъагIелалде щвезегIан болжалалъ.

ТIИБ

# Сахлъи цIуниялъул хъаравуллъуда

**РакI хехлъиялъул унти сах гьабизе дун вегун вукIана Гумбет районалъул централияб больницаялъул терапиялъул отделениялда. Унтаразул тIалаб-агъаз бугел, хъулухъ лъикI гьабулел, хIеренал медхIалтIухъаби ругоан гьенир. Хехаб медицинаялъулаб кумек щвана диеги.**

Унтараздехун лъикIаб бербалагьи бугоан бетIерав тохтир **МухIамад СайгидмухIамадовасул,** тохтирзаби **МухIамадхIабиб Абакаровасул, ГIабдулбасир Жамалудиновасул, ГIабдухаликъ ГIалиевасул,** сестраби **ХIавраъ РурухIмаевалъул, Марзигат Мусаевалъул, Паримеседо МухIамадовалъул, ПатIина УхIумагIалиевалъул.**

ХIухьел цIазе кIоларого вукIарав дун гьезул дарабаз гуревгу, хIеренаб каламалъги хехго сахлъана. Бокьун буго «Гумбет» газеталдасан баркала кьезе церехун рехсаралги, цогидалги медхIалтIухъабазе, тIагIамаб квен хIадурулел богоьабазе, палатабазь рацIалъи гьабулел санитаркабазе.

**ХIамзат ГIабасов,**
**Килалъ росу**

ХАЛКЪАЛЪУЛ БЕР ГIОРЦIАРАБ ГIАЖАИБАБ ДАГЪИСТАН

# Гектаралдаса - 28 центнер

**Бабаюрталъул ракьалда ругел бакълъулазул хъутабазда унеб буго хаслихъе культурабазул бачIин бакIари. Гьаб соналда Гумбет районалъул росдал магIишатазул производственниял кооперативаз (СПКяз) бакIаризе ккола 664 гектаралдаса хаслихъе культураби. 5 июлалде, районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалда ругел баяназда рекъон, бакIарун буго 165 гектаралдаса хаслихъе культураби. Цересел соназул хIасилазда рекъон СПКязе щолеб бачIин абизе бегьула квешаб гьечIин. Щибаб гектаралдаса гьоркьохъеб хIисабалда щолеб буго 28 центнер.**

БачIин бакIаризе байбихьарал «Данухский» СПКялъе, «Тляратинский» СПКялъе, «Цилитлинский» СПКялъе цо гектар хIисаб щолеб буго 28-30 центнер хаслихъе культурабазул.

Хурухъабаз хIаракат бахъулеб буго бачIин къокъаб болжалалда бакIарун рагIалде бахъинабиялъе.

**ГIайшат Исламбиева**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Халкъияб театр, искусствоялъул школа, фольклоралъул ансамбль

### Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталда бугеб централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировасулгун накъит

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировасулги «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъулги гьадинаб гара-чIвари ккана.**

**- Набигула, цересел соназде дандеккун, районалда культураялъул хIалтIул иш кин бугеб?**

- РакIчIун абизе кIола, цересел соназде дандеккун республикаялдаго гIадин маданияб хIалтIи Гумбет районалдаги гIезегIанго лъикIлъанилан. Дагъистан Республикаялъул бетIерлъун Рамазан ГIабдулатIипов вачIаралдаса аслияб кIвар буссинабуна маданияталдехун. Гьединго «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасги, медицинаялъул, лъайкьеялъул идарабазда бащадго, кIвар кьуна маданиял идарабаздеги. Цебе чIахIиял байрамазде гурони кIвар кьолеб букIун батичIони, гьанже календарада рихьизарурал байрамкъоял кIодо гьарула. Гьел социалиял сетазда ва районалъул СМИялдасан къватIире кьола.

**- Нужер ругищ халкъиял ансамблял, творческиял коллективал?**



- Буго нижер Республикаялда ва гьеб тун къватIибехунцин районалъул цIар машгьур гьабураб концерталъул коллектив, халкъияб театр ва искусствоялъул школалъул «ГьитIинал магIарулал» ансамбльги.

**- Районалда чан культураялъул учреждение буго? Нужер идараялда чан хIалтIухъан вугев? Гьел лъикI хIалтIулел ругищ?**

- Районалда кинабниги буго 26 маданияб центр. Гьенир, техническиял хIалтIухъаби малъичIого, хIалтIулев вуго 19 чи. Гьезда гьоркьоса бищунго лъикI хIалтIи гIуцIулездасан цояллъун ккола **ГIазра Халидова** - МельъелтIа, **Исрапил Заирбегов** – Килаль, **ГIабдула КъурбангIалиев** – Кунзахъ, **МухIамад ПатахIов** – ЦIаналь, Багьавудин МухIамадов – Гьарадирихъ росабазул маданиябгун хIухьбахьиялъул централъул нухмалъулел.

**- Маданияб хIалтIуде гIолохъаби рачIунел ругищ?**

- ГIолохъанаб гIел маданияб хIалтIуде гIемерго рачIунел гьечIо. Щайин абуни, школа лъугIун хадур киналго цIализе лъугьуна медицинаялъул, лъайкьеялъул, финансазул гIелмабазда хурхарал цIалул заведениязде. Ахирал соназда маданиял гIелмабазде цIализе ана гIицIго кIиго чи.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиеваль**

САХАВАТЛЪИ

## МахIатIал ХIалиматил къулгIа

### Чиркъдерица баркала кьолеб ва дугIа гьабулеб буго

**ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул азбаралде лъугьунеб кIудияв кавуялъул кIалтIа буго берцинаб, хъахIаб кирпичаль, тIад къулгIа гьабун къачIараб ицц. Гьениб кидаго букIуна гIураб къадаралда лъим. Школалде унел рачIунел гIисинаб гIелалъул лъимал унаро гьелда кIал чIвачIого сверухъ авалазда ругел гIемерал гIадамаз цIола гьеб рукъалъул хIажатазе. Гьениб лъим букIиналъе, гьениса гьеб камунгутIиялъе кIудияв хIалтIи гьабула иццалда дандбитIун жидер мина бугел ИсмагIил Гьиматовас ва гьесул вас МухIамаднурица.**

ГьабсагIат гIисиназда лъаларо кинаб гьеб ицц букIараб 20 – 25 соналъ цебе. Гьеб букIана сверухъ бугеб хIарщуца чIезе бакI гьечIеб, гIицIго цо ведро тIад базе санагIат гьабураб, рогIоро гурони гьечIеб санагIат гьечIеб лъим цIолеб бакI. Гьеб авалалде къисматалъул нухаль дагьабго заманаялъ ячарай мунагьал чураяй МухIатIал ХIалимат абурай гIаданаль къураб, жиндирго мискинаб пенсиялдаса тIокI гьабураб гIарцуде бана гьеб къулгIа. Аллагьас азар даражалде бахинабеги гьей янгьизай гIаданаль жиндир Аллагьасде ва росуцоязде бугеб рокьиялъ, жиндиего хIажатабщинабги гIумруялде бахъинабичIого гьабураб садакъаялъул кири.

ЛъикIаб букIинаан ЧIиркъатIа росдал администрациялъ яги музеялъул хIалтIухъабаз, гIолеб гIелалда лъазе, гьаб къулгIа мунагьал чурад МахIатIал ХIалиматица гIарац кьун гьабураб бугин абун хъван цо гьитIинаб хъарщиги гьениб чIвани. Гьеб букIинаан мискинай, чиякъай, захIматаб гIумруялъул магIарулаль Аллагьасде, чIиркъдериде букIараб кIудияб рокьиялъе гьитIинабго жаваблъун. Гьелъ гьенибе къураб щибаб гъурущ цIикIкIараб кири щоледухъ хIалтIизабуна ИсмагIел Гьиматовас Аллагь разилъаги гьесдасаги.

Цоги йикIана ЧIиркъатIа Маликил Халисатин абурай гIадан. КIигогIан соналъ цее ятIалъана гьей гIумруялдаса. Лъимерги гьечIей, янгьизай гIадан гьей мунагьал чурадица хвелалде цо-кIиго соналъ цебе щибаб рузманалда мажгиталда бикьана чакар, пиринчI, макарон гIадал нигIматал, гьенив вугевщинав чиясе. ЦIакъ гIемерал жиндирго хваразул рухIалги ракIалде щвезаруна гьелъул сахаватлъиялъ чIиркъдерида. НижгIадин Аллагьги разилъаги гьел пакъирал, бищун жидеего къваригIарабги гьоркь тун гьабураб мискинзабазул садакъаялдаса.

**МухIамад Муртазаев,
ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## МФЦялъул махщалилал – росабалъ

### Аргъвани росдал бетIерасулгун дандчIвай

**ГIемерфункциялъулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадов дандчIвана «Сельсовет “Аргванинский” росдал поселениялъул администрациялъул бетIер Сайпилав МухIамадовгун.**

МФЦялъул нухмалъулес бицана пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал «цо гордухъан» гьариялъул бугеб санагIалъиялъул. Гара-чIвариялда рорхарал суалазул цояблъун букIана росдал поселениялъул киналго гIадамал пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъаз гьорлъе рачин. Росдал бетIерас цIехана газ бачунаго гьелъул рарал бакIазде гьоркье ккарал ракъул участкабазул хъвай-хъвагIай гьабиялъул къагIидаби кинал ругелан.

ГIадамал райцентралде рачIине ккечIого бакIалдаго къваригIел тIубазе, щибаб анкьалъ талат къоялъ радал сагIат 9 тIубаралдаса бакъанида щуго тIубазегIан МФЦялъул филиалалъул специалистал рачIунел рукIиналдаса разилъи загьир гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

БАЗАР КИН БУКIИНЕБ, НИЗАМ БУГОНИ

## Экстремизмалда, наркоманиялда ва цоги балагьазда данде

### Гумбет районалъул администрациялъул, имамзабазул, низам цIунулел идарабазул, тIолабго жамгIияталъул цадахъаб хIалтIи

**Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалда тIобитIана хIалтIулаб совещание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул прокурор, юстициялъул кIудияв советник МухIамад МухIамадовас, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев полициялъул подполковник Сайпудин МухIамадгIалиевас, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместителал АхIмад Сулаймановас ва Малик Маликовас, районалъул имам ГIабдулагьхIажи Закарикаевас, росабазул поселениязул бутIруз, имамзабаз, полициялъул участковиял уполномоченнияз.**



Данделъиялда гьоркьор лъуна росабазул мажгитазул уставал Россиялъул Федерациялъул законалде данде кколедухъ рачиналъул хIакъалъулъ.

Районалда такъсирчилъи ва гIадлу-низам хвезаби дагьлъиялъе бакIалъулаб самоуправлениялъул ва гIадлу-низам цIуниялъул органазул цадахъаб хIалтIи.

Данделъи рагьана участковиял уполномоченниязул нухмалъулев УхIумагIали Загьидовас. Гьес кIалъазе рагIи кьуна районалъул прокурор МухIамад МухIамадовасе.

Жиндирго кIалъаялда МухIамадовас абуна росабалъ мажгитазда хIалтIи гIуцIизе кколин 1997 соналъул 26 сентябралда къабул гьабураб Федералияб Законалъул (№125 ФЗ) къучIалда. Районалъул 8 мажгиталъул уставалда руго законалде данде ккоЛарел пунктал. Диниял цолъабазул уставаздаса гьединал пунктал тIаса рахъун, хиса-басиял гьарун, гьел ритIизе ккола къабул гьаризе.

Добе-гьанибе битIизе бегьуларо кагъат кьер бугеб гербалъул суратгун, цо-цо росабазул администрацияз кьер бугел принтерал росун ругельул, гьеб хIисабалде босизе ккола.

Бицана гьединго мажгитахъ законалде данде ккоЛарел вагIзаби гьаризе гьукъараб букIиналъул, такъсирчиясул рахъ ккун, имамас печатьги чIван гъулги басун кагъат кьезе бегьунгутIиялъул. Гьенир рорхана мажгитазе терроризмалдаса цIуниялъул паспортал рукIалиде ккезаризе, мажгитал хIалтIизе ихтияр букIиналъул киналго документал ракIаризе, росабалъ рацIцIалъи цIуниялъул, нухлул рагIаллъабазда законалде данде ккоЛареб хIалалъ бакIал раялъе ахир лъезе цадахъаб хIалтIи гIуцIизе ккеялъул хIакъалъулъ суалал.

Данделъиялда кIалъарав Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Сайпудин МухIамадгIалиевас абуна росабазул администрациязул бутIруз, мажгитазул имамзабаз, участковиял уполномоченнияз щибаб росулъ цадахъ рекьон хIалтIи гIуцIани такъсирчилъи, гIадлу-низам хвезаби дагьлъулин ва хадубккунги гьеб хIалтIи дагьабги жигарлъизабизе ккелин. Экстремизм, терроризм, наркомания гIадал зарал халкъалъе бугеб ишазде дандеги цадахъаб къеркьеЙ гьабиялде ахIана имамзабиги, бегавулзабиги, участковиялги.

ГIадамазда гьоркьоб экстремизм, терроризм, наркомания тIибитIичIого букIиналде данде рагъ баялъул, диниял цолъабазул хIалтIул къагIидабазул, халкъиял дружинаби гIуцIиялъул, школалъул гIумруялда ругел лъимал тIадаб куцалда 11 класс лъугIизегIан яги гьоркьохъел хасал цIалул заведениязда цIализе ккеялъул, энергетикиял гьекъолел жалазадаса, спайсаздаса пайда босани кколеб зараЛалъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалазда тIадчIей гьабуна кIалъазе рахъарал районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал АхIмад Сулаймановас, Малик Маликовас, районалъул имам ГIабдулагьхIажи Закарикаевас, участковиял уполномоченниязул нухмалъулев УхIумагIали Загьидовас ва цогидазги.

**Къурмагьиз ХIадисова**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Сведения о доходах – в сроки

### Напоминание о сведениях по форме 6 НДФЛ за 2016

**Межрайонная ИФНС России №12 по РД доводит до сведения руководителей и бухгалтеров предприятий, организаций, учреждений и предпринимателей без образования юридического лица, не зависимо от форм собственности и применяемого налогового режима, о необходимости своевременного представления сведений о доходах физических лиц и суммах, начисленных и удержанных налогов за 2016 год, в налоговую инспекцию в сроки**:

За 1 квартал -до 30 апреля.
За 2 квартал -до 1 августа.
За 3 квартал- до 31 октября.
За 4 квартал - до 1 апреля. 2017 г.

С 1 января 2016 года закреплена обязанность налоговых агентов ежеквартально представлять расчет по форме 6-НДФЛ (Федеральный закон от 02.05.2015 N ИЗ-ФЗ). Заполняется расчет на отчетную дату, соответственно, на 31 марта, 30 июня, 30 сентября, 31 декабря соответствующего налогового периода.

Стоит напомнить, что с 2016 года в отношении налоговых агентов, представивших налоговому органу документы, содержащие недостоверные сведения, установлена ответственность в виде штрафа в размере 500 руб. за каждый такой документ. Если агент исправит свою ошибку и представит скорректированные документы до того, как об ошибке узнает налоговый орган, штрафные санкции не применяются.

Штрафом грозит и непредставление в инспекцию по месту учета в установленный срок расчета 6-НДФЛ: 1000 руб. за каждый полный и неполный месяц со дня, установленного для представления расчета.

Кроме того, с 2016 года налоговые органы вправе приостанавливать операции по банковским счетам (переводы электронных денежных средств) налоговых агентов в случае непредставления ими в налоговый орган расчета 6-НДФЛ в течение 10 дней по истечении установленного срока.

За несоблюдение порядка представления указанного расчета в электронной форме налоговый агент может быть привлечен к ответственности по ст. 119.1 НК РФ.

**Ш. Гаджиев, зам. начальника МРИ ФНС РФ № 12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 2 класса**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» газета – бакълъулазул тарих

### Подписка – 2016

**Хириял районцоял! Ахиралде щолеб буго 2016 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газеталъе подписка гьаби. Районалда гIадатлъун лъугьун буго газета почалъул отделениялдасанги редакциялдасанги хьвай.**

Редакциялдасан учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъабаз райгазета хьван буго тIубараб лъагIалиего. Почалъул отделениялдасан гIемерисез тIоцебесеб бащдаб лъагIалие гьабун букIана, лъагIалиего цадахъго гьабичIого. КIиабилеб бащдаб лъагIалие почалъул отделениялдасан райгазеталъул багьа 183,48 гъурущалде бахун буго.

Багьаялда тIаде бачIараб дагьабго гIарацалъухъ балагьичIого, районалъул гIумру бихьизабулеб матIу «Гумбет» газета кIиабилеб бащдаб лъагIалиеги хьвазе букIиналда ракIчIараб буго информациялъул отделалъул.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, газета цIалулел, нужер хIаракаталдалъун кIвезе буго райгазеталъе, кIиабилеб бащдаб лъагIалие хьван букIаралдаса цIикIкIинабизе. Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун газета хьвалезул кьадар цIикIкIине букIиналда.

Гьанжеялде райгазетал хьваялъе хIаракатчилъи бихьизабун буго МелъелтIа, Данухъ, ЛъаратIа росабазул администрациязда, жидеца почалъул отделениязде гIарацги рехун, кIиабилеб бащдаб лъагIалие 100 – 30 - 20 «Гумбет» газета хьварал. ЛъикIаб букIинаан цогидал администрациязе нухмалъулезги гьездасан мисал босани.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

## Дезинфекция, рацIцIалъи цIуни, дараби гьари

### БоцIи-панз унтабаздаса кин цIунилеб

**НугI - нацIалда, хьирисалда данде рагъ бай буго нильеда бигьаябин кканиги, захIматаб иш. Укол гьабулеб бугониги, чурулеб бугониги, хьирис, нацI, нугI хола, цо нухалъ гьабун, амма чIагояб хваниги, хоно хутIулелъул, гьелде жанибе дару лъугьунаро ва 7 кьоялдасан ханидасан лъугьараб нугI-нацI цIидасан тIад рекIуна ва гьединлъидал кIиабизеги чуризе ва укол гьабизе лъикIаб буго 7 кьо индал.**

ГIи-боцIи чуризе ваннаби гьечIолъиялъ нильеца хIалтIи тIаса – масаго гьабулеб буго ва нугI-нацI, хьирис хвечIони даруялда гIайиб чIвала. Гьелъие даруялда щибго гIайиб гьечIо, буго нильедаго. Чуризе ккола дару кибего щвезабулаго, тIолго черх чурулеб хIалалъ, ай дару гьорлъ билъараб 10 литр даруялъул лъеца чуризе ккола 2-3 хIайван, цIилцIица тIаде щвай ва бакI-бакIалда дару бахин жибго тезе ккола. Лъазе ккола укол гьабулел ва чурулел дараби къуваталги загIипалги гьечIо, амма киса-кисаги росарал дараби ратизе бегьула фальшивиял, гьездаса цIунизе ккола ва ругел битIун хIалтIизаризеги лъазе ккола. Къуваталин абун, дарабазда хадур лъугьине кколаро ва бищунго гIадатияб, ракI чIараб даруги хIалтIизабун чIани лъикIаб буго. Дараби – укол гьабулел иверлик, баймек, авертин, ивертин, аверсекий, ниацид, альфамек, дектомакс ва гь. ц. 1 мл щибаб 50 кг чIагояб цIайиялъе. Чурулел дараби – креолин, неоцидал, диазинон, протеид, эктомин, бутокс, блотик, биюдикс ва гь. ц. аслияб къагIидаялда 10 мл 10 л лъелъе. ХIаракат бахъе цебеккараб дару босичIого тезе ва букIине бегьула болжалги лъугIичIеб, цIуниги лъикIаб букIинчIеб дару, гьелъги мунпагIат гьабуларо. ЛъикI цIунараб бугони, болжал тIасан анин абун хIинкъизе ккоаро, гьелъул хайир цIикIкIараб буго, болжалги лъугIичIеб къадарго цIунараб даруялдаса. Щиб хIалтIи нильеца гьабуниги лъикIаб буго дезинфекция гьабизе ва кибго рацIцIаракъалъи чIезабизе. БитIун хIалтIи гIуцIани гьеб нильего лъикIаб буго.

**СайгидмухIамад ГIабдулкъадиров, районалъул ветуправлениялъул бетIерав ветврач, РДялъул мустахIикъав ветврач**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Аукцион по аренде земельного участка

**Администрация сельского поселения «Сельсовет Игалинский» объявляет аукцион по реализации:**

права аренды на 7 лет земельного участка земли сельскохозяйственного назначения с кадастровым № 05:25:00 00 35:741, расположенного по адресу: РД, Гумбетовский район, с. Игали, площадью 1000.00 кв.м., с видом разрешенного использования – для сельскохозяйственного назначения, рыночная стоимость права заключения договора аренды на 7 лет - 2200 рублей;

(далее – Участок).

Форма подачи предложений о цене – открытая. Срок принятия решения об отказе в проведении торгов – 2 недели с момента опубликования настоящего объявления.

Организатор торгов – администрация сельского поселения «сельсовет Игалинский».

Заявки для участия в торгах подаются в комиссию по земельным торгам (с.Игали , Гумбетовский район, здание администрации, кабинет - зам. главы администрации с 09.00 до 17.00 и в срок с 11.07.2016 г. по 11.08.2016 г.

Для участия в торгах претенденты представляют заявку с приложением платежного документа с отметкой банка об исполнении, подтверждающее внесение задатка, а также следующую документацию:

Юридические лица: копию устава, копию свидетельства о постановке на налоговый учет, копию свидетельства о регистрации юридического лица, копию выписки из Единого государственного реестра юридических лиц.

Физические лица: копию паспорта, копию свидетельства о постановке на налоговый учет, копию свидетельства о регистрации предпринимателя (для индивидуальных предпринимателей).

**Задаток для участия в аукционе устанавливается в размере 20 процентов начальной цены и вносится полностью на счет администрации сельского поселения «Сельсовет Игалинский» с 09.00 до 17.00 и в срок с 11.07.2016 г. по 11.08.2016 г**

Реквизиты для перечисления задатка: Получатель – **Администрация сельского поселения «Сельсовет Игалинский»**

**ИНН/ КПП – 0509005890 050901001**

**р/сч 40204820900000000201**

**ГРКЦ НБ Респ.Дагестан банка России г.Махачкала БИК: 048209001**

**Назначение платежа 001 1 11 05025 05 0000 120 ОКАТО: 82215835001**

**или наличными в кассу бухгалтерии администрации сельского поселения «Сельсовет Игалинский».**

Шаг аукциона – 5% от начальной цены земельного участка.

Определение участников торгов состоится 12.08.2016 г. в 10.00. в кабинете заместителя главы администрации. Участниками аукциона признаются претенденты, представившие полный перечень документации, указанный в настоящем объявлении. Аукцион проводится 12.08.2016 г. в 11.00 ч. в кабинете заместителя главы администрации . Победителем аукциона признается участник, номер билета которого назван последним.

За дополнительной информацией об условиях проведения аукциона обращаться по адресу: с.Игали, Гумбетовский район, по тел. 8 903 482 62 93 – Сулайманов Сулайман.

**Комиссия по земельным торгам**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Кьурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1373
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.